

# Sa Moun New York yo Dwe Konnen Sou Vaksen COVID-19 yo

Vil New York angaje li pou kenbe tout moun an sekirite ak an sante nan asire li ke aksè ak vaksen COVID-19 yo jis ak ekitab. **Vaksen COVID-19 yo pral gen chans disponib pou pifò moun New York disi mitan ane 2021 an.** Kèk moun, tankou travayè swen sante yo, travayè esansyèl ki pa kapab separe yo de lòt moun yo, ak granmoun aje yo ak lòt moun ki anba risk anplis pou maladi grav akòz COVID-19 la pral genyen aksè ak vaksen an nan yon tan ki pa lwen.

Lè ou pran vaksen an, ou ap ede pwoteje tèt ou ak fanmi ou ak zanmi ou. Ou ap ede tou rann kominote ou plis an sekirite. Nou konnen moun New York yo renmen kominote yo a, gen ladan travayè swen sante yo ak pwopriyetè ti biznis yo.

## Èske vaksen an mache?


- Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an te apwouve de (2) vaksen COVID-19 (Pfizer-BioNTech ak Moderna) pou itilizasyon dijans. Nan etid klinik yo, toude vaksen yo te efikas nan plis pase 94% nan pwoteje patisipan yo kont COVID-19.

## Èske vaksen yo san danje?

- **Wi. Ou pa kapab pran COVID-19 nan vaksen an.** Vaksen an pa genyen viris la. Li aprann sistèm iminitè kò ou fason pou li konbat viris la, dekwa pou li kapab konbat viris la si ou ekspozè ak li.
- Vaksen COVID-19 yo te pase nan gwo etid klinik ki enplike plizyè dizèn milye moun ki gen laj, ras ak etnisite ki diferan. FDA a ak òganizasyon ki endepandan te revize atantivman prèk ki soti nan etid sa yo.
- Moun ki ap fè rechèch yo te ap travay sou vaksen pou kowonaviris yo pandan plizyè ane, kidonk yo pa te kòmanse apati zewo.

## Èske genyen efè segondè?

- Li nòmal pou moun eksperimante efè segondè apre premye oswa dezyèm dòz vaksen an. Efè segondè ki komen yo gen ladan doulè nan bra kote ou pran piki a, fatig oswa maltèt.
- Si ou genyen nenpòt kesyon oswa enkyetid, rele **311** oswa pale avèk pwofesyonèl swen sante ou.
- Efè segondè yo kapab pa agreyab, men pran vaksen an ede ou pwoteje oumenm ak lòt moun New York yo.



## Kimoun ki kapab pran yon vaksen epi konbyen li pral koute?

- Tout moun New York ki gen laj 16 ane ak plis pral genyen aksè ak yon vaksen yon fwa li vin disponib an pi gwo kantite. Nou deja kòmanse vaksinen moun ki anba risk anplis yo, tankou travayè swen sante yo.
- Vaksen an gratis pou tout moun. Si ou genyen asirans, yo gendwa voye fakti ba li men yo pa pral chaje ou yon kopeman oswa yon frè.
- Ou pa bezwen pataje sityasyon imigrasyon ou pou ou pran vaksen an. Pran vaksen an pa yon avantaj piblik anba règleman sou chaj piblik la.
- Lè ou resevwa vaksen an, yo pral pwoteje lavi prive ou. Genyen lwa estrik ki an vigè pou asire konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ou.

## Ki kote mwen ka jwenn yon vaksen?

- Lè vaksen an pi fasilman disponib, ou pral kapab pran yon vaksen COVID-19 kote ou nòmalman pran vaksen yo, tankou klinik pwofesyonèl swen sante ou, famasi yo, klinik yo ak sant swen ijan yo. Yo pral mete sit vaksinasyon kominotè anplis nan tout vil la.
- Pral genyen yon kat jewografik sit vaksinasyon yo sou sitwèb Depatman Sante NYC a.

## Èske mwen ta dwe pran yon vaksen si mwen te genyen COVID-19 deja?

- Wi, piske li posib pou ou genyen COVID-19 ankò, ou ta dwe pran vaksen an. Epitou, vaksen an san danje epi li kapab ranfòse pwoteksyon kò ou te deja bati a. Sepandan, si ou te teste pozitif pou COVID-19 pandan 90 jou pase yo, panse rete tann pou ou pran vaksen an, piske pa gen anpil chans ou pral genyen COVID-19 ankò pandan peryòd tan sa a. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou genyen kesyon.

## Lè mwen pran vaksen an, èske mwen kapab sispann kenbe distans fizik ak sipann pote yon kouvèti pou figi?

- Non. Nou pa genyen ase enfòmasyon pou di si oswa kilè li pral san danje pou ou sispann kenbe distans fizik ak sispann pote yon kouvèti pou figi. Jiskaske nou konprann plis sou pwoteksyon ke vaksen COVID-19 yo bay la, tout moun dwe kontinye prensipal mezi prevansyon yo:
  - Rete lakay ou si ou malad, si ou genyen COVID-19, oswa si ou te ekspoze ak yon moun ki genyen COVID-19.
  - Kenbe omwen 6 pye distans ak moun ki pa manm fwaye ou.
  - Pote yon kouvèti pou figi (sou bouch ou ak nen ou) lè ou deyò lakay ou.
  - Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.

Li konpreyansib ke kèk moun gendwa genyen enkyetid pou yo pran vaksen COVID-19 la oswa yo gendwa genyen kesyon. Pou ou aprann plis, pale avèk pwofesyonèl swen sante ou, rele **311**, oswa vizite [nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine) oswa [cdc.gov/covidvaccine](https://cdc.gov/covidvaccine).